



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



3 Desanm 2021

Mizajou sou Avi 3 Desanm 2021 nou an

Nou Salye Tout Paran, Gadyen, ak Siveyan Orange Preparatory Academy nou yo,

Distri a fini ankèt li sou ka COVID-19 yo ki te rapòte jodi a. Dapre enstriksyon ofisyèl sante lokal nou yo bay, elèv Orange Preparatory Academy ap rete an karantèn apati de Lendi 6 Desanm 2021 an pou rive Jedi 9 desanm 2021 an. Elèv yo gen obligasyon pou yo retounen nan lekòl la Vandredi 10 Desanm 2021 an.

Pandan tan sa a, ansèyman vityèl ap disponib pou elèv yo atravè ansèyman senkwonik jan nou te fè nan ane lekòl pase a. W'ap jwenn enfòmasyon sou sit entènèt pwofesè pitit ou a. Tanpri vizite www.orange.k12.nj.us epi chwazi distri nou an pou lekòl nou yo. Yon fwa w la, chwazi Orange Preparatory Academy nan ribrik Faculty (Fakilte). Anfen, chwazi pwofesè pitit ou a. Lyen yo pou ansèyman an dirèk la pral evidan la pou pitit ou a itilize.

Elèv yo otorize pou yo retounen sèlman Vandredi 10 Desanm 2021 an, depi yo bay prèv yon tès PCR negatif. **Si w pa bay verifikasyon tès la, sa pral lakòz yo refize yo antre.** Yo p'ap bay ansèyman vityèl pi lwen pase 10 Desanm 2021 an, pou zafè sa a.

- Tanpri eskane rezulta **PCR negatif ou a, se pa RAPID** epi voye'l bay direktris lekòl la Ms. Carrie Halstead, HalsteCa@orange.k12.nj.us ak enfimyè lekòl la Ms. Sacks, SacksLau@orange.k12.nj.us. Fanmi yo ka pran yon foto tou epi voye'l bay Ms. Halstead atravè REMIND. N'ap avèti w ke kesyon bay la prèv li obligatwa, anvan ke pitit ou a gen dwa retounen nan lekòl la.

Etandone nati pandemi sa a, nou kontinye fè konfyans a Depatman Sante Orange ki pral gide kominate a atravè tout pwoesis ki nesesè nan moman sa a. Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan pral kontinye travay kole kole avèk ofisyèl sante piblik yo, pou ede nan nenpòt fason ki posib, epi kenbe kominate lekòl nou an byen enfòme.

Akòz nati evolisyon enfòmasyon sa a, nou ankouraje rezidan yo pou yo kontakte Sant Apèl NJ COVID-19 24/7 nan 1-800-222-1222 oswa 1-800-962-1253 si w'ap rele nan yon telefòn selilè ki pa NJ pou enfòmasyon ki pi resan yo. Moun ki abite nan New Jersey yo ka rele NJ 211 tou si yo gen kesyon oswa enkyetid konsènan COVID-19 la lè yo rele 2-1-1. NJ 211 se enfòmasyon konplè ak sèvis referans nan tout eta New Jersey a ki opere pa United Way of New Jersey. Rezidan yo ka voye tèks bay NJCOVID tou nan 898-211 pou resevwa enfòmasyon tèks epi rete enfòme. Pou resevwa asistans tèks an dirèk, rezidan yo ka voye tèks kòd postal yo nan 898-211.

Nou nan sa nou ye a ansanm kòm yon kominate lekòl. Nan Orange, nou se yon sèl ekip epi nou sètènman kanpe djam. Pou fini, tanpri rete an sekirite epi toujou sonje ke nou la pou ou.

Edikasyonèlman,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipètentan Lekòl yo